



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA "ZWAZO AK ABÈY", YON LEJISLASYON K AP MENNEN NAN NASYON AN POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO AK BÈT SOVAJ YO KONT PESTISID DANJERE YO

Lejislasyon S.1856-A/A.7640 dekrete Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy la

Gouvènè a te jwenn amandman pou asire yon pwogram ki solid epi ki vyab pou fèmye ak kiltivatè fanmi New York yo ki pwoteje sante piblik la ak resous natirèl New York yo

Gouvènè Kathy Hochul li te siyen an lwa Lejislasyon S.1856-A/A.7640, ke yo rekonèt kòm Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy (Birds and Bees Protection Act) la. Lejislasyon k ap mennen nan nasyon sa a pwoteje Nouyòkè yo kont toksin ki kapab danjere nan entèdi itilizasyon kèk pestisid newonikotinoyid (newonik) ke yo trete semans mayi, soya oswa ble ak pestisid newonikotinoyid pou plant ònemantal ak gazon deyò, sa ki kreye pwoteksyon enpòtan pou polinizatè, zwazo, ak lòt bèt sovaj New York yo.

"Lè li siyen Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy la, New York ap fè yon gwo pwogrè nan pwoteje timoun nou yo, anviwònman ak polinizatè esansyèl yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lwa sa a souliye angajman nou pou ankouraje yon ekosistèm k ap pwospere pandan n ap bay priyorize agrikilti dirab ak pratik agrikòl yo."

Lejislasyon S.1856-A/A.7640 se yon mezi pwo-aktif pou pwoteje polinizatè yo lè li mete restriksyon sou itilizasyon pestisid newonikotinoyid nan kèk semans, plant ònemantal deyò, ak gazon. Li pèmèt ase tan pou rechèch inovan sou altènativ yo ak devlopman nan pwodwi ki pi rantab ki mwens danjere pou anviwònman an. Apre peryòd sa a, itilizasyon newonikotinoyid pral sibi evalyasyon ki baze sou syans ak dispozisyon egzansyon pou ede operasyon fèm ak operasyon agrikòl yo nan tranzisyon nan nouvo pwogram sa a.

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "EPA a dènyèman te jwenn ke pestisid newonikotinoyid yo lakoz plis pase 200 espès nan wout disparisyon, sa ki klase yo kòm pestisid ki pi destriktif sou plan ekolojik depi DDT a. Mwen rekonesan ke Gouvènè Hochul te siyen Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy nou an (S1856A) ak Manm Asanble Glick, ki pral ede mete fen nan itilizasyon newonikotinoyid toksik jeneralize yo.

Mwen trè rekonesan tou pou kowalisyon gwoup defansè yo ki te ede pwojè lwa nou an travèse liy final la, ki gen ladan NRDC, Sierra Club, NYLCV ak defansè anviwònmantral yo, ansanm ak kòlèg Sena mwen yo, Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins, ak Pete Harckham, Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmantral la."

Manm Asanble Deborah Glick te deklare,"Limite toksin ki prezante efè negatif ak risk pou sante se yon etap esansyèl pou w sispann anpwazonnen anviwònman an epi kreye yon New York ki pi an sante. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt enpòtans polinizatè nou yo ak anviwònman nou an epi li siyen Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy la. Pwojè lwa sa a akomode enkyetid konsènan pwovizyon semans pandan y ap asire transparans ak jistifikasyon agronomik atravè yon pwosesis egzansyon ki sipèvize pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) NYS an konsiltasyon ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) NYS ak delè ajisteman pou mache a ak fèmme yo. Lejislasyon revolisyonè sa a pral ede pwoteje vitalite polinizatè nou yo pandan y ap asire yon anviwonman ki pi an sante pou tout Nouyòkè yo."

New York pran angajman pou pwomouvwa sante ak rekiperasyon popilasyon polinizatè yo, jan sa endike nan Plan Pwoteksyon Polinizatè (Pollinator Protection Plan) Eta a ([PDF](#)). Polinizatè yo kontribye anpil nan anviwònman ak ekonomi New York la. Selon Depatman Agrikilti peyi Etazini an, polinizatè yo founi New York sèvis polinizasyon pou yon valè apeprè 344 milyon dola epi yo ajoute yon valè 29 milya dola sou pwodiksyon agrikòl la nan tout peyi a chak ane. Kapasite eta a pou pwodui rekòt tankou pòm, rezen, seriz, zonyon, jomou, ak chou depann anpil sou prezans polinizatè yo.

Nouvo lwa sa a pral bati sou aksyon Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (DEC) te deja pran pou mete restriksyon sou itilizasyon anpil newonik epi travay avèk moun ki anrejistre yo pou limite itilizasyon anpil nan pwodui sa yo pou pwoteje polinizatè yo oswa resous eta yo.

Ane pase a, DEC te pran mezi pou limite itilizasyon pestisid san restriksyon ki ka lakoz domaj sou abèy ak lòt popilasyon polinizatè yo nan reklasifye kèk pwodwi ki gen ensektisid newonikotinoyid (newonik) imidakloprid, tyametokzam, ak asetamiprid kòm "itilizasyon ki gen restriksyon" pou asire aplikasyon yo limite a sèlman aplikatè pestisid ki resevwa fòmasyon nan sitiyasyon espesifik.

Gouvènè Hochul kontinye bay agrikilti priyorite epi li rekonèt enpòtans kritik li nan ekonomi New York la ak wòl li nan pwoteje anviwònman an. Eta a fyè dèske li gen plis pase 33,000 fèm k ap pwodui kèk nan pi bon manje ak bwason nan mond lan. Diskou Gouvènè Hochul sou sitiyasyon Eta a an 2023 ak Bidjè ane fiskal 2024 la te genyen ladan yo investisman solid ki vize ogmante demann pou pwodwi agrikòl New York, ranfòse chèn apwovizyonman alimantè New York la epi asire ke tout Nouyòkè kapab pwodui epi jwenn aksè ak manje fre ak lokal yo.

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB) la, te deklare,"Biwo Fèm Agrikòl la apresye anpil lidèchip Gouvènè Hochul nan

ofri amandman chapit byen reflechi nan kad "Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy" la. Li te chèche opinyon tout kote epi li te rive jwenn yon konsansis sou yon apwòch ekilibre ki asire fèm yo pral gen zouti jesyon risk ki an sekirite ke yo bezwen pou grandi manje pou eta nou an. New York Biwo Fèm Agrikòl la kontan tou pou wòl kontinyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la pral genyen an konsiltasyon ak Depatman Agrikilti ak Mache a pou pran desizyon regilatwa ki baze sou lasyans. Gouvènè a te montre yon lòt fwa ankò volonte l pou l jwenn yon chemen rezonab pou lavni pou sipòte agrikilti New York la."

Direktè Pwogram Konsèvasyon Sierra Club Atlantic Chapter a, Caitlin Ferrante, te deklare, "Sierra Club bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy la pou li yon vin lwa. Sèvi ak bon syans kòm yon kolòn vètebral pou politik ki pwoteje polinizatè, dlo, ak sante tè NY yo pral asire kominote NY yo pi an sekirite pou jenerasyon k ap vini yo. Nou remèsye Gouvènè a pou aksyon li k ap mennen nan peyi a sou pwojè lwa enpòtan sa a. Sierra Club remèsye tou esponsò pwojè lwa a, Manm Asanble Glick ak Senatè Hoylman-Sigal, ansanm ak lidèchip Lidè Majorite a Stewart-Cousins, Prezidan Heastie, Manm Asanble Solages ak Senatè Harckham pou asire ke pwojè lwa sa yo pase nan alafwa chanm lan ak nan Lejislati Eta New York la."

Direktè Enterimè Inisyativ Polinizatè Konsèy Defans Resous Natirèl la, Dan Raichel, te deklare, "Gouvènè Hochul ak lejislati a deja franchi yon etap enpòtan pou pi devan nan pwoteje sistèm manje, ekosistèm ak sante piblik New York yo lè yo siyen pwojè lwa inik nan nasyon an. Newonik andomaje prèske tout pati nan anviwònman nou an—soti nan dlo pase nan tè a rive nan sante nou—epi touye myèl ak lòt polinizatè yo, sa ki diminye pwodiksyon rekòt yo. Avèk modèl sansib ak fleksib ki dekri nan pwojè lwa a, New York pral kounye a dirije peyi a nan règleman sans komen pou anpeche itilizasyon pestisid danjere sa yo."

Vis Prezidan Asosyasyon Kiltivatè Mayi ak Soya New York la, Brad Macauley, te deklare, "Nan yon pwopobèl ki konplike anpil epi ki gen konsekans, Gouvènè Hochul te montre gwo lidèchip nan pwoteje endistri agrikòl la pandan l ap avanse politik anviwònmanal la. Asosyasyon nou an kwè fòtman nan wòl nou kòm jeran anviwònman an epi swiv politik ki apiye pa lasyans. Gouvènè Hochul te jwenn bon balans pou endistri nou an epi nou espere kontinye travay ak Administrasyon an sou aplikasyon nouvo lwa a pou byen pwoteje anviwonman nou ak endistri nou an."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an, Adrienne Esposito, te deklare, "Nou kontan epi nou ranpli ak jwa! Lejislasyon sa a pral kite yon eritaj dlo pou bwè ki pi pwòp, ki pi an sekirite epi sove polinizatè nou yo pou yo ka kontinye polinize 75 pousan fwi, nwa ak legim nou manje yo. Pandan nou jwi yon repa fèt ki gendwa gen ladan pat, pwa vèt oswa tak ki fèt ak fwi nou ta dwe remèsye myèl yo pou wòl yo nan bay manje nou yo epi kounye a, nou ka remèsye Gouvènè Hochul pou sipò fòmida li nan siyen lwa sa a. Sove abèy yo se yon kado fèt pou tout Nouyòkè yo."

Direktè Prensipal Politik Nasyonal nan Audubon Society, Erin McGrath, te deklare, "Pandan dènye deseni ki sot pase a, newonik yo te sibi pi plis siveyans akòz enpak negatif yo sou zwazo, polinizatè, lòt bèt sovaj yo, ak moun. Syans montre nou ke menm dòz newonik ki fè yo ka anpeche zwazo chante pou yo oryante tèt yo pou migrasyon yo, lakòz pèt pwa enpòtan, epi entèfere ak siksè repwodiktif yo. Akòz enpak sa yo, itilizasyon ensektisid newonikotinoïd yo ta dwe redwi anpil pou ede ranvèse bès apik yo obsève nan anpil popilasyon zwazo. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran aksyon rapid pou anpeche itilizasyon san restriksyon pestisid newonik yo ak defann zwazo ak kote yo bezwen pou yo siviv yo."

Direktè Politik Asosiyasyon Agrikilti Biyolojik nan Northeast (Northeast Organic Farming Association of New York, NOFA-NY) Katie Baidon te deklare, "Lè li siyen Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy la, Gouvènè Hochul ap pwoteje sante moun ak ekosistèm yo epi li sipòte vyabilite plizyè milye fèm New York ki depann de opilasyon endijèn ak abèy domestik pou polinize rekòt yo chak ane. Lè li mete restriksyon sou itilizasyon inital newonik, NY ap pwoteje nonsèlman polinizatè yo, men tou ensèk predatè yo ke kiltivatè yo konte sou yo pou lite natirèlman kont ensèk nuizib yo ak lavi mikwòb nan tè a ki enpòtan anpil pou kaptire sik kabòn ak eleman nitritif. NOFA-NY ap selebre viktwa enpòtan sa a ki pral siyifikativman diminye kontaminasyon anviwònman nou an, kò nou ak tout sistèm alimantè NY la."

Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York (New York League of Conservation Voters), Julie Tighe, te deklare, "Pi dous pase siwo myèl: mèsì Gouvènè Hochul paske w te siyen pwojè Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy la pou li vin lwa! Lè nou elimine pwodui chimik ki pa nesèsè e ki danjere nan tretman ensèk nuizib nou yo, mezi sa a pral ede asire siviv polinizatè esansyèl nou yo epi lè nou fè sa nou pwoteje anviwònman, sekirite alimantè ak ekonomi agrikòl New York."

Direktè Egzekitif Clean+Healthy la, Bobbi Wilding, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè Lwa Pwoteksyon Zwazo ak Abèy la pou li vin lwa. Lè nou elimine itilizasyon pestisid newonikotinoïd yo, polinizatè nou yo, bèt sovaj, anviwònman, ak sante moun yo pa pral vilnerab san nesèsite ak enpak danjere pestisid newonikotinoïd toksik yo."

Prezidan ak Pedyat Physicians for Social Responsibility (Medsen pou Responsabilite Sosyal) Kathleen Nolan, te deklare, "Lè li te siyen Lwa Zwazo ak Abèy la, Gouvènè Kathy Hochul te ekri non l'ansanm ak non Rachel Carson kòm yon defansè zwazo, abèy, papiyon, ak tout fòm polinizatè ak bèt sovaj ki depan de polinizatè yo. Kounye a, fanmi yo nan New York pral bwè dlo ki pi pwòp epi manje nouriti ki pi bon pou sante yo, ak gwo diminisyon ekspozisyon ak pwodui chimik danjere tankou nikotin, epi fèmme yo ka retounen nan pratik ki pi dirab ki ankouraje sante tè a epi ki bay nou tout manje abondan ak nourisan."

Direktè Egzekitif Konsèy Adirondack la, Raul J. Aguirre, te deklare, "Konsèy Adirondack la bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy la. Lwa sou Pwoteksyon Zwazo ak Abèy yo sèvi ak pi bon syans ki

disponib pou pwoteje polinizatè nou yo, sante moun, ak avni agrikilti New York la. Nou rekonesan pou lidèchip anviwònmantral Gouvènè a ak moun ki ap sipòte pwojè lwa a pou defann lwa enpòtan sa a."

Prezidan akKiltivatè Good Farmers Guild of Western New York ak Ko-pwopriyetè Dirt Rich Farm, Laura Colligan te deklare, "Antanke yon kiltivatè legim, yon pakèt ensèk itil ak lòt pinèz esansyèl pou siksè mwen, kit se myèl pou polinize rekòt mwen, krizop pou kontwole ensèk nuizib, oswa vè tè pou retounen eleman nitritif nan tè a. Polisyon newonikotinoyid menase yo tout epi, pi lwem, mwayen sibzistans mwen. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul sou lwa enpòtan sa a pou pwoteje fèmye tankou mwen atravè Eta New York kont itilizasyon newonikotinoyid inital."

Pwopriyetè Brasri Plan Bee Farm lan, Emily Ann Watson, te deklare, "Nou depann de abèy nou yo ak dlo pwòp pou fèm ak brasri nou an. Mwen ka kontwole sa nou itilize nan fèm nou an, men efondreman rich ak menas kontaminasyon k ap ranpe se yon pwoblèm kontinyèl. Mwen byen kontan Gouvènè a ak lejislati a te pran bon desizyon jodi a pou yo pran aksyon entelijan pou elimine itilizasyon newonik inital ak destriktif."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)